



Pou Piblikasyon Imedya: 23/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GE VERNOVA PRAL ENVESTI 50 MILYON DOLA  
POU LOKALIZE YON OPERASYON FABRIKASYON NASÈL EWOLYÈN TÈRÈS  
NAN KONTE SCHENECTADY**

*Pwojè a ranfòse ajanda lidè nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a*

*GE Vernova angaje l pou l kreye omwen 160 nouvo djòb nan rejyon Kapitòl la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke GE Vernova pral investi 50 milyon dola pou lokalize yon operasyon fabrikasyon nasèl ewolyèn tèrès nan Schenectady, ki kreye omwen 160 nouvo djòb enèji renouvlab apentan. Anons sa a konplete efò Eta New York ap fè pou l vin yon lidè nasyonal nan devlope ekonomi vèt la, sa k ap diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè, ak konbat chanjman klimatik la.

"General Electric gen yon istwa long ak renome nan Eta New York epi li se yon lidè nan inovasyon dènye kri depi plis pase yon syèk. **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou fyè pou nou fè patenarya ak GE Vernova pou reyalize vizyon New York pou vin yon sant fabrikasyon prensipal pou teknoloji ewolyèn epi pou mennen nou pi pre pou atenn objektif klimatik lidè nasyonal nou yo, sa k ap garanti yon avni ki pi bon ak pi pwòp pou anpil jenerasyon."

**Direktè Egzekitif Jeneral GE Vernova Scott Strazik, te deklare,** "Nou bat bravo pou administrasyon an pou dènye konsèy sou kontni domestik la, ki ban nou sètitud pou n avanse sou pwojè enteresan sa a epi nou pa ka tann pou sipòte konsèy adisyonèl yo. Nou fyè pou nou elaji anprent fabrikasyon Ameriken nou an ak mendèv nou an pou kontinye bati ak inovè teknoloji enèji ki pi pwòp, nan pote asanblaj konpozan tibin ewolyèn — ak yon estimasyon 200 nouvo djòb — nan New York Eta sa a, ak Rejyon Kapital la, se yon pati enpòtan nan istwa GE a epi investisman sa a pral ranfòse wòl Schenectady nan estimile tranzisyon enèji a nan tan k ap vini an."

GE pral investi nan renovasyon etablisman yo ak nouvo machin ak ekipman pou sipòte pwodiksyon nasèl pou liy tibin ewolyèn tèrès 6.1 megawatt konpayi an. Nasèl la se pati nan tibin lan ki loje eleman ki transfòme enèji sinetik ewolyèn lan an enèji mekanik pou vire yon jeneratris ki pwodui elektrisite. Yo pral enstale liy asanblaj fabrikasyon an nan bilding kote GE Vernova kontinye fabrike tibin vapè ak jeneratè yo. Empire State

Development (ESD) te dakò pou li bay jiska 2.5 milyon dola nan Kredi Enpo Green Excelsior Jobs ki baze sou pèfòmans pou ankouraje kreyasyon ak kenbe omwen 160 djòb — ak potansyèl pou 200 pòs.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, ESD konsantre sou devlopman ekonomi vèt la ak pote travay fabrikasyon ki byen peye nan Eta New York. GE se yon lidè mondyal nan devlopman teknoloji enèji renouvlab ak bay enèji pwòp, renouvlab atravè mond lan, epi nou kontan dèske yo pral kontinye grandi eritaj yo nan Schenectady."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "Pandan n ap solidifye New York kòm yon lidè nasyonal nan avanse enèji renouvlab anba direksyon Gouvènè Hochul, nou pral kontinye atire ak grandi patenarya prive-piblik ki fè endistri enèji pwòp la pwospere nan eta nou an tou. Investisman GE Vernova nan fabrikasyon nasèl ewolyèn se yon gwo viktwa pou Rejyon Kapital la ki pral kreye nouvo djòb vèt pandan n ap sipòte tranzisyon enèji pwòp nou an."

New York gen yon 120 pwojè solid sou enèji renouvlab ak transmisyon ki ankou ke yo prevwa ki pral founi plis pase 14,200 megawat enèji pwòp nan rezo a lè yo fini — sa ki ase pou alimante apeprè senk milyon edmi kay nan New York. Angajman Eta a pou konstwi nouvo transmisyon enèji vèt, ki te dirije pa 402 km nouvo amelyorasyon majè ki deja sou pye nan tout eta a, epi avèk liy transmisyon Clean Path New York ak Champlain Hudson Power Express ki apwouve an avril, pral pèmèt devlopman aktyèl enèji renouvlab yo pou alimante plis pase 66 pousan elektrisite New York ki soti nan sous renouvlab yo yon fwa ke yo operasyonèl. Pòtèy enèji renouvlab sa a pral ranfòse gras a sizyèm demann konpetitif NYSERDA, [te anonse](#) mwa septanm pase a, ki mande pou 2,000 megawatt oswa plis nan nouvo pwojè enèji renouvlab a gwo echèl yo, ki kenbe vitès previzib opòtinite kontra avèk eta a pou devlopè prive enèji renouvlab. NYSERDA prevwa anonse sibvansyon yo nan dezyèm trimès ane 2023 a.

**Prezidan Chanm Lejislatif Konte Schenectady a, Anthony Jasenski, te deklare,** Konte Schenectady akeyi investisman 50 milyon dola sa a ak 200 nouvo djòb nan Bilding 273 nan kanpis prensipal GE a. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Empire State Development pou efò eksepsyonèl yo fè pou pote nouvo liy pwodwi tibin ewolyèn sa a ak travay ki byen peye nan kominote nou an. Nou remèsye tou Direktè Egzekitif Jeneral GE Vernova a, Scott Strazik, ak ekip Enèji Renouvlab li a dèske yo te chwazi Konte Schenectady pou resevwa nouvo misyon enpòtan sa a pandan GE Vernova ap trase chemen an direksyon transfòmasyon avni enèji vèt la"

**Gary McCarthy, ki se Majistra Schenectady, te deklare,** "Depi premye jou mwen kòm Majistra, mwen te travay sere ak GE ak anplwaye devwe konpayi an pou kenbe kanpis Schenectady a konpetitif pou nou kapab atire nouvo investisman ak nouvo liy pwodwi. Jodi a, nou remèsye Gouvènè Hochul, Empire State Development ak GE Vernova pou bon nouvèl sa a ki fè konnen kanpis GE nou an isit la nan Schenectady pral ede

konstwi pwochen jenerasyon tibin ewolyèn yo. Sa vle di Schenectady pral yon pati enpòtan nan transfòmasyon enèji k ap fèt isit la nan Eta New York ak atravè mond lan."

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la k ap mennen nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki kòrèk epi ki jis ki kreye travay ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York sou yon chemen pou l genyen yon sektè elektrisite zewo emisyon dis 2040, ki gen ladan pwodisyon enèji renouvlab 70 pousan dis 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmasyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.8 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans 2,100 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011.

Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon dis 2035. Patenarya yo ap kontinye fè avanse aksyon klimatik New York la avèk prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki anrejistre ak 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominote Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede lite kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

### **Konsènan GE Renewable Energy**

GE Renewable Energy, yon pati entegral nan pòtfèy biznis enèji GE Vernova a, se yon biznis prèske 13 milya dola ki konbine youn nan pòtfèy ki pi laj nan endistri enèji renouvlab la pou bay solisyon soti nan debi rive nan fen pou kliyan nou yo k ap mande enèji vèt ki fyab ak abòdab. Konbine solisyon ewolyèn tèt ak olaj zòn kot yo, lam, idwo, estokaj, solè nan echèl sèvis piblik la, ak solisyon rezo ansanm ak enèji renouvlab ibrid ak òf sèvis dijital, GE Renewable Energy deja enstale plis pase 400 jigawat enèji renouvlab pwòp epi li ekipe plis pase 90 pousan nan sèvis piblik la atravè lemond ak solisyon rezo li yo. Avèk anvivon 36,000 anplwaye ki prezan nan plis pase 80 peyi, GE Renewable Energy kreye valè pou kliyan k ap chèche alimante mond lan ak elektwon vèt abòdab, ki fyab ak dirab.

**GE Vernova**, yon akseleratè dinamik ki gen ladann biznis Elektrisite, Enèji Renouvlab, Sèvis Finansye Nimerik ak Enèjetik, ki konsantre sou sipòte transfòmasyon kliyan yo pandan tranzisyon enèji mondyal la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)